

**Vendredi 28 Out 2020**

**Fason pou nou chak pran responsablite parapò avèk lòt**

Chè kominote University of Maryland,

Nou tande etidyan, pwofesè ak anplwaye ki vle travay ansanm pou youn pran responsablite parapò avèk lòt pou reyalize objektif pou pase semès sezon lotòn nan avèk enstriksyon nan salklas san pwoblèm ak lòt eksperyans akademik ak sosyal. Si ou wè kamarad Terps yo pa swiv [4 konpòtman Maryland](#), men sa ou kapab fè:

**NAN KANPIS LA**

- **Mande:** Si ou santi ou alèz pou pale avèk moun nan, avèk respè mande li pou konfòme li avèk 4 konpòtman Maryland ki bon pou sante. Anvizaje dui yon bagay tankou "mask up 4 Maryland".
- **Ofri:** Si ou alèz, bay moun nan enfòmasyon yo oswa chwa yo tankou sijere moun nan kapab jwenn yon mask pou kouvri figi li nan men yon anbasadè etidyan oswa ankouraje moun nan pou ale nan yon espas ki pi fasil pou pratike distans fizik.
- **deplase:** Si moun nan pa konfòme li, retire tèt ou nan sityasyon an avèk kalm.
- **Rapòte:** Ou ka rapòte ensidan an ba yon moun ki gen otorite (egzanp, yon Asistan-Rezidan, yon sipèvizè, yon responsab depatman) oswa depi ou itilize [Sistèm Rapòtaj UMD sou Konfòmite](#).

Pou rapòte yon rasanbleman k ap fèt nan kanpis la pou revizyon imedyat ak aksyon posib, rele nimewo UMP ki pa pou ijans ki se 301-405-3555. Evènman ak rasanbleman yo nan kanpis la dwe swiv lòd egzekitif leta ak lòd egzekitif konte a ki limite dimansyon rasanbleman yo.

**DEYÒ KANPIS LA**

Si ou deyò kanpis la, nan Vil College Park, ou kapab rapòte gwo rasanbleman yo depi ou rele Liy Dirèk 24 sou 24 pou Ranfòsman Kòd Vil la nan nimewo 240-487-3588.

**ANBASADÈ YO**

Anplis chwa rapòtaj ki endike anwo a, reprezantan Depatman Sante Konte Prince George, ofisye ranfòsman kòd Vil College Park, inite Oksilyè UMPD, ak yon gwoup anbasadè etidyan yo ki resewva fòmasyon espesyal, ap bay èd pou kenbe manm kominote nou okouran ak responsab.

Kòm yon rapèl paske nou se Terps, nou tout gen responsablite pou kenbe kanpis nou an sante depi nou swiv [4 konpòtman Maryland](#):

An nou pran angajman pou nou chak pran responsablite nou parapò avèk lòt,

**Carlo Colella**

Vis-Prezidan pou Administrasyon ak Finans

**Patty Perillo**

vis-Prezidan pou Afè Etidyan

**Mary Ann Rankin**

Vis-Prezidan Prensipal ak Rektè